

Tout moun ki kont pwogrè rechèch kont pwogrè lasyans tou

(Emmanuel W. Védrine)

Si lasyans te fin akouche epi l te toujou rete ap rale, imajine w si n ta gen aksè a entènèt la jodiya pou fè lide n pase (kwochi ou dwat, negatif ou pozitif) ak tout anbyans teknologik n ap benefisyé de yo jodiya. Tout moun ki kont pwogrè rechèch kont pwogrè lasyans tou. Donk, se nan sans sa a nou gen kèk chèrchè, otè, lengwis (pwogressis) kouwè: Jules FAINE, Pradel POMPILUS, FRANKETIENNE, Jan MAPOU, Yves DEJEAN, Albert VALDMAN, L. PELEMAN, Pierre VERNET, Bryant FREEMAN, Jowel LAGUERRE, Féquière VILSAINT, Maude HEURTELOU, Michel DEGRAFF, Marilyn MASON, Jeff ALLEN, Dominique FATTIER, Kesler BREZAULT (Keslèbrezo), ak kèk lòt (men pa anpil) ki t ap e ki ap travay san souf pou avansman lang nou an. Nan lis sa a genyen k ap envante zouti sofwar pou li dekwa pou l layite kò l sou entènèt la tankou kèk lòt lang gentan fè dejá. Sa k rete, se jis yon ti pase men lengwis natifnatal kalifye y ap tann pou wè sa k gen nan makout yo epi vin sèvi ak zouti sa yo kòrèkteman. Gen ladan yo se etranje e n ap di yo: chapo ba! Nou pa gen lajan pou ta peye yo pou plizyè santèn èd tan yo pase nan fè rechèch sou lang nou an men nou ka jis apresye e rekonèt valè travay yo, al fouye yo, ekzanminen yo epi wè kijan nou ka aplike yo pou lonè / respè kilti nou e nan avantay peyi nou Ayiti. Teren rechèch la pa yon wout prive men se pito yon granchimen kote n ka jwenn tout kalite moun men, chak mache ak yon kadans diferan.